



Pou Piblikasyon Imedya: 24/08/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE CHANJMAN POU AKSELERE PWOGRAM SOULAJMAN ETA A EPI POU ATIRE PLIS APLIKAN**

***Òdone Eta a pou investi 1 milyon dola anplis nan maketing ak efò sansibilizasyon pou ranfòse aplikasyon nan zòn defavorize yo; tout lokatè ki aplike pwoteje kont ekspilsyon pandan aplikasyon an nan revizyon***

***Mande revizyon rapid dewoulman ak redeplwaman pèsònèl founisè a espesifikman pou sansibilize mèt kay ak rezoud aplikasyon enkonplè yo pou ogmante peman***

***Nouvo done konte pa konte sou peman pou soulajman lwaye pral afiche piblikman pita nan semèn sa a pou ogmante transparans***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon seri chanjman pou atire plis aplikasyon ak akselere peman nan Pwogram Asistans Ijans pou Lwaye (Emergency Rental Assistance Program, ERAP) Eta New York la. Anba direksyon Gouvènè a, eta a pral investi 1 milyon dola anplis nan maketing ak efò sansibilizasyon pou fè moun yo konnen pwogram soulajman lwaye a, finansman ki disponib ak gwo pwoteksyon kont ekspilsyon lokatè ki anplas pou sila yo ki aplike. Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) pral analize done aplikasyon yo pou sible zòn nan eta a ki gen kantite aplikasyon ki relativman ba.

Gouvènè Hochul ap òdone tou yon revizyon rapid sou dewoulman pwogram soulajman lwaye a, ansanm ak reyafektasyon 100 pèsònèl ki te kontrakte pou travay sèlman avèk mèt kay yo pou fini aplikasyon ki annantant yo, sa ki pral akselere peman yo. Yo pral reyalize sansibilizasyon dirèk, travay avèk mèt kay yo youn ak youn, klarifye ak jwenn enfòmasyon ki manke epi rezoud pwoblèm ki annantant pou plis lajan pou soulajman lwaye kapab debouse. Anplis de sa, nouvo done ki detaye peman pou soulajman lwaye pral afiche piblikman sou sitwèb OTDA pita nan semèn sa a pou ogmante transparans. Sitwèb la aktyèlman montre kote aplikasyon yo soti ak done demografik debaz yo.

"Pandemi an plonje yon bann Nouyòkè nan pwoblèm finansye ak ensètitud, sa ki kite anpil nan difikilte pou peye lwaye yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou elaji ak pi byen sible efò maketing ak sansibilizasyon nou yo, nou kapab sansibilize kominote yo ki bezwen èd nou plis, ankouraje plis moun aplike epi pwoteje yo kont ekspilsyon. N ap revize ak rekalinbre tou dewoulman an epi pral dedye plis pèsònèl espesyalman pou ede

mèt kay yo nan aplikasyon yo, pou nou kapab pèmèt aplikasyon ki annatant yo apwouve nèt epi debouse lajan yon fason pi efikas".

Jiskaprezan, plis pase 46,000 lokatè te gen aplikasyon yo ki apwouve pwovizwaman epi lajan pou soulajman lwaye a separe pou yo, men nan kèk ka, ti anomali nan enfòmasyon ant aplikasyon lokatè ak mèt kay la oswa nesosite pou rekonsilye kont mèt kay la ralanti pwosesis pou peman yo fèt. Pèsonèl founisè sa yo ki reyafekte yo pral travay yon fason pwoaktif pou rektifye pwoblèm sa yo pou peman dirèk ki deja separe yo kapab debouse.

Gen jiska 2.7 milya dola èd nan kad lwaye ijans ki disponib pou Nouyòkè ki gen revni ba ak modere ke pandemi COVID-19 la te afekte. Pwogram lan ede avèk jiska 12 mwa lwaye ki anreta, twa mwa asistans pou lokasyon potansyèl ak 12 mwa peman aryere pou sèvis piblik bay Nouyòkè ki elijib yo, kèlkeswa estati imigrasyon yo.

Depi pwogram lan te kòmanse aksepte aplikasyon nan 1ye jen, OTDA te swa distribye oswa te enpoze plis pase 680 milyon dola nan finansman federal, sa gen ladan plis pase 200 milyon dola nan peman dirèk pou mèt kay yo. New York kounye a klase nan dezyèm pozisyon nan nivo nasyonal pou plis finansman ki apwouve oswa peye bay fwaye yo, dapre rapò Koalisyon Nasyonal Lojman pou Moun ki gen Revni Ba (National Low Income Housing Coalition, NLIHC), ki swiv egzekisyon pwogram lan nan chak eta.

Pwogram soulajman lwaye New York la bay kèk nan pwoteksyon ki pi solid nan peyi a, ki pral enpòtan pou plizyè dizèn milye Nouyòkè pandan fen moratwa eta a sou ekspilsyon ap apwoche nan 31 out. Aplikan yo nan pwogram lan otomatikman resevwa pwoteksyon kont ekspilsyon pandan aplikasyon yo rete annatant.

Pou ka resevwa asistans, yon mèt kay dwe dakò pou li renonse a nenpòt frè reta ke yo dwe nan lwaye pase; epi pa ogmante pri lwaye chak mwa sou lokatè a oswa degèpi yo pou yon ane, eksepte nan sikonstans limite.

Dapre lwa federal la, lokatè ak mèt kay yo dwe ranpli aplikasyon an anvan peman yo kapab fèt. Eta New York, sepandan, otorize pou aplikasyon lokatè a apwouve pou moun k ap peye a ka gen pwoteksyon kont ekspilsyon ke pwogram lan ofri a ki kouvri li nèt. Nan ka sa yo, eta a kenbe fon yo angaje yo pou sis mwa pandan efò yo ap fèt pou idantifye ak peye mèt kay la. Lokatè yo nan sikonstans sa a ap resevwa yon notifikasyon klè yo kapab itilize kòm defans afimatif pou evite ekspilsyon pou jiska yon ane.

"Nou konsantre sou ede Nouyòkè ki gen bezwen yo epi nou rekonesan pou lidèchip ak sipò Gouvènè Hochul sou pwoblèm enpòtan sa a", **Komisè OTDA, Mike Hein te deklare.** "Pandan nou kontinye pran mezi pou fasilite ak akselere pwosesis aplikasyon an, n ap ankouraje tou tout Nouyòkè elijib yo pou aplike pou asistans kritik sa a pou yo ka gen pwoteksyon solid kont ekspilsyon yo bay tout aplikan ki pwoteje yo".

Nan kòmansman mwa sa a, OTDA te ajoute fonksyon 'anrejistre ak reprann' pou aplikasyon yo sou pòtay la ki otorize patisipan yo pran yon poz lè sa nesèsè epi tounen nan pwosesis la. Ajans lan te ajoute tou yon fonksyon estati amelyore ki bay aplikan yo yon pi bon imaj sou kote aplikasyon yo a ye nan pwosesis la. Anplis de sa, ajans lan te senplifye pwosesis aplikasyon an nan redui kantite dokiman ki nesèsè pou aplike.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)